

**COMMONWEALTH MASSACHUSETTS
DEPATMAN SANTE MANTAL
AVI SOU DWA**

(Paran oswa Responsab yon Minè)

Ospitalizasyon Envolontè Tanporè
M.G.L. Chapit 123, Seksyon 12 (b)

Yo te admèt timoun/depandan ou nan etablisman sa a konfòmman ak M.G.L. c. 123, s. 12 (b) pou yon peryòd jiska twa (3) jou ouvrab. Nan fen twazyèm (3yèm) jou ouvrab la, si Sirentandan an oswa lòt responsab etablisman an deside ke liberasyon timoun/depandan ou an ta kreye yon posibilite pou gen yon gwo domaj pou timoun/depandan ou an oswa pou lòt moun akòz maladi mantal, li ka depoze yon petisyon pou angajman sivil ou nan etablisman an pou yon peryòd jiska sis mwa. Si yo depoze yon petisyon, Tribinal Distri a ap kòmanse odyans lan nan senk (5) jou ouvrab, san konte samdi, dimanch oswa jou ferye, ke pandan tan sa a timoun/depandan ou an ap oblije rete nan etablisman an.

Sou demann ou, n ap fè Komite pou Sèvis Konseye Piblik (CPCS) la sou non ak lokal ou ak timoun/depandan ou an. CPSC pral nonmen apres a yon avoka pou rankontre avèk ou ak timoun/depandan ou an. Èske ou ta renmen nou kontakte CPCS nan non timoun/depandan ou an nan moman sa?

Wi ☐

Non ☐

Si ou di Non epi chanje lide w nan annapre, n ap enfòm CPCS pou ou ak timoun/depandan ou an nan moman sa.

Si w gen rezon pou kwè admisyon timoun/depandan ou an nan etablisman an konfòmman ak M.G.L. c. 123, s. 12 (b) se rezilta yon abi oswa yon move itilizasyon nan pwosesis admisyon an, ou ka mande, poukont ou oswa atravè yon avoka, yon odyans ijans nan Tribinal Distri a kote jiridiksyon etablisman sa a ye. Si w vle fè yon demann konsa, etablisman an ap ba w fòm ki apwopriye a.

Mwen te resevwa ak li Avi sa:

Non Paran/Responsab

Dat

Non Pasyan

Siyati temwen pèsònèl

Dat